



# Verifikasyon Opsyon w Genyen yo

Pa gen okenn avantaj ak enkonvenyan nan chak kalite swen. Sa ki annapre a ba w yon ide sou konparezon antre yo:

Sant ki gade timoun	Fanmi ki gade timoun	Timoun yo gade lakay yo
Yo met menm laj ansanm	Laj melanje	
Pi gwo gwoup timoun	Ti gwoup timoun	Mwens kontak ak moun
Anbyans ki menm jan ak lekòl	Anbyans ki tankou lakay	
Fòmasyon obligatwa	Fòmasyon obligatwa	Fòmasyon oswa lisans pa obligatwa
Pifò posibilite pou pran maladi	Mwens posibilite pou pran maladi	Ris ki pi fèb pou pran maladi
Plis opòtinite pou obsèvasyon piblik ak kontwòl	Mwens opòtinite pou obsèvasyon piblik ak kontwòl	Okenn opòtinite pou obsèvasyon piblik ak kontwòl
Plizyè anplwaye pou ranplase si gen moun malad oswa an vakans	Kantite anplwaye limite pou ranplase si gen moun malad oswa an vakans	Pa gen anplwaye pou ranplase si gen moun malad oswa an vakans
Lè yo ouvri yo pa ka gen chanjman	Plis fleksibilite pou orè endividyèl yo	Pifò fleksibilite pou orè endividyèl yo
Pi gwo kantite anplwaye ki ale e ki antre	Anplwaye k ap bay swen ki rete	Anplwaye k ap bay swen ki rete

Otorizasyon an mande pou yo suiv prensip sekirite ak sante debaz yo. Si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan si yon founisè respekte prensip yo oswa w ta renmen li dosye yon gadri ki nan Biwo Lisans Gadri a, ou ka ale sou sit entènèt yo a: <https://education.delaware.gov/families/birth-age-5/occl/>, oswa kontakte biwo nan peyi w la (Sonje si w chwazi yon gadri ki pa gen otorizasyon e ki ta sipoze gen otorizasyon nan eta w la, ou pa ka mete l nan taks pou w resevwa lajan):

## OEL/Office of Child Care Licensing

3411 Silverside Road  
Concord Plaza | Hagley Building  
Wilmington, DE 19801  
302-892-5800  
FAX: 302-633-5112

## OEL/Office of Child Care Licensing

821 Silver Lake Boulevard  
Suite 103  
Dover, DE 19904  
302-739-5487 or 1-800-822-2236  
FAX: 302-739-6589

Kalite swen an diferan. Antanke yon paran, w ap gen pwòp prensip pa w. Se ou k ap deside ki pwogram ki pi bon pou pitit ou ak fanmi w. Li enpòtan pou w vizite lokal la, obsève epi poze kesyon. Non founisè yo ba w nan Children & Families First yo se referans yo ye sèlman, se pa rekòmandasyon. Sant ak fanmi ki gen gadri ki gen otorizasyon yo gen opòtinite pou yo patisipe nan nan sistèm amelyorasyon kalite Delaware Stars for Early Success a epi/oswa vin gen otorizasyon. Etwal ak otorizasyon yon pwogram se yon fason ou ka jwenn enfòmasyon sou kalite swen yo bay la.

Pou plis enfòmasyon sou Etwal oswa otorizasyon Delaware la, ale sou sit entènèt ki annapre yo:

**Delaware Stars for Early Success:** Se yon sistèm amelyorasyon kalite ki evalye ak amelyore kalite swen ak edikasyon pou timoun piti ak etablisman laj pou lekòl. [www.delawarestars.udel.edu](http://www.delawarestars.udel.edu).

**National Association for Education of Young Children (NAEYC):** Bay sant, preskolè mwaye jounen ak pwogram head start. [www.naeyc.org](http://www.naeyc.org).

**National Association of Family Child Care (NAFCC):** Bay gadri yo otorizasyon. <http://www.nafcc.org/>

**National AfterSchool Association (NAA):** Bay otorizasyon pou pwogram anvan aka pre lekòl. <http://naaweb.org/>